



Move Kalite Lè Deyò

Peryòd gwo chalè yo nan Massachusetts ka lakòz prezans yon gwo kantite ozòn, polèn, ak sibstans nan lè a tankou pousyè, salte, lafimen, oswa gout likid (sibstans patikilye) ki tèlman pitit yo ka respire yo epi yo ka lakòz pwoblèm sante ki grav. Yon move kalite lè deyò ka lakòz pwoblèm sante, espesyalman lakay moun ki soufri opresyon, maladi nan poumon, oswa maladi kè epi yo ka lakòz sentòm opresyon ak alèji yo vin pi grav.

Gwo chalè yo, ogmantasyon kouvèti nyaj, ak imidite akòz chanjman klimatik la ta dwe ogmante polisyon lè nan Massachusetts la.



Ki moun ki gen pi gwo risk?

Gen moun ki ka gen pi gwo risk akòz kote yo abite, aksè yo genyen ak enfòmasyon ofisyèl gouvnènman an, disponibilite resous yo genyen pou prepare tèt yo epi reyaji fas ak sa, epi si yo deja genyen pwoblèm sante. Moun sa yo gen ladan yo:

- Timoun ki pokò gen 5 lane ak moun ki gen plis pase 65 lane
- Moun ki ansent
- Moun ki gen andikap
- Moun ki soufri maladi ki déjà egziste tankou maladi kè, opresyon, maladi nan poumon ak alèji respiratwa
- Moun nwa akòz rasis sistematik
- Moun ki pale twò pale anglè oswa ki pa pale anglè ditou, epi ki ka pa resevwa mesaj ijans nan lang matènèl yo
- Moun k ap viv nan zòn ki gen gwo trafik
- Moun k ap travay oubyen fè espò nan lari

Kisa nou ka fè nan ka sa?

- Diminye sa ki ka deklanche opresyon nan kay la, tankou lafimen tabak, pousyè, plim ak eskwas bêt domestik ak danje, ak mwezi
- Sèvi ak ponp ki gen lè pòtab oswa klimatizasyon si ou genyen
- Kenbe nivo imidite a ant 30-50% anndan kay la pa mwayen klimatizè, vantilatè oswa dezimidifikatè si ou kapab
- Mande doktè w la kòman pou w rekonèt sentòm alèji sezon yo epi itilize medikaman ki apwopriye
- Limite tan ou pase deyò nan jou ki gen gwo polisyon oswa gwo konsantrasyon polèn yo

**W ap jwenn plis enfòmasyon sou:
mass.gov/ClimateAndHealth**



Bureau of Climate and Environmental Health
Environmental Toxicology Program
Massachusetts Department of Public Health



Move Kalite Lè Deyò

- Mande lekòl yo ak kan yo pou yo redwi ekspozisyon timoun yo fas ak faktè ki kapab deklannche opresyon tankou ekspozisyon fas ak machin ki gen motè k ap fonksyone dousman nan liy pou anbake ak debake yo
- Veye kalite lè a bò kote ou - verifye [Endis Kalite Lè](#)
- Mache oswa monte bekàn oswa pran transpò piblik lè sa posib
- Lè w ap itilize yon machin, pa kite motè w la ap fonksyone pi lontan pase sa ki nesesè a
- [Konnen siy dezidratasyon ak gwo chalè yo](#)

W ap jwenn plis enfòmasyon sou:
mass.gov/ClimateAndHealth



Bureau of Climate and Environmental Health
Environmental Toxicology Program
Massachusetts Department of Public Health